**6 класс**

**Къаплъэн сэхъуа**

**Мэзым щIэс хьэкIэкхъуэкIэ псори зэгуэрым щышынэу щытат къаплъэным. Ущымышыни еплъыт... Абы игу техуэртэкъым уеблэмэ зымащIэкIи уемыдэIуэныр. ЖиIэр хабзэу есат. Арати, дэкъузауэ игъэпсэурт хьэкIэкхъуэкIэхэр.**

**Апхуэдэурэ илъэсхэр кIуэри, къаплъэныр жьы хъуащ. Дыгъэм пэлыду щыта и цыр укъуеят, дзэуи къыIунэжар мащIэт, и лъэдийхэми япэрей къарур яхэлъыжтэкъым, абы къыхэкIыуи иджы ар щакIуэ щыкIуэр зэзэмызэххэт. Абыи "щакIуэкIэ" уеджэну емыкIут. Мо Къаплъэнышхуэр, дзыгъуэ-сыт хуэдэхэм фIэкI, нэхъ пIащэ гуэрхэм пэлъэщыжыртэкъым. Арати, иджы ар нэхъыбэм къыр лъапэм деж щылът, жьы хъуа и Iэпкълъэпкъыр дыгъэ иригъэууэ.**

Зэгуэрым, зи къару илъыгъуэ Дыгъужьыр щакIуэ кIуэуэ щилъагъум, япэхэм хуэдэу, унафэ хуищIу, Къаплъэным абы жриIащ: "Ей, щхъуэжь, къызжиIакъым жумыIэж, си Iыхьэр къыздэхь, ари моуэ нэхъ хэплъыхьауэ".

Дыгъужьыр къэувыIэри абы къыхуеплъэкIащ:

– Арат узыхуейр? ЗгъэпцIащ зы дзэкъэгъуэ къыпхуэсхьмэ! Куэдщ уэ уиIыхьэуи адрейхэм я Iыхьэуи уи ныбэжьым икIуэдар! А зэманыр щыIэжкъым! Иухащ уи тепщэгъуэр!

Апхуэдэ жэуап пэплъатэкъым Къаплъэныр. Есатэкъым зыгуэр къыпэпсэлъэжу. Къаплъэныр къыщылъэтыну къеIат, Дыгъужьыр зэпкъриудыну и мураду, арщхьэкIэ и лъэхэр къыщIэувакъым. ИтIани мэгъуахъуэ:

– ЗэтепIэ уи жьэр! Сэ сы-Къаплъэнщ!

– А-уей, щыгъэт, кхъыIэ, сыт мыгъуэ уэ къаплъэныгъэу пхэлъыжыр?! Мес, уи лъакъуэхэм уаIыгъыжкъым, итIани уокIий: "Сэ сы-Къаплъэнщ! Уесащ мис апхуэдэу уи зэманыгъуэм укIийми, узыхуейр пщIэми хъууэ. Куэдщ, иухащ уи тепщэгъуэр.

А псалъэхэр хуэмышэчу, Къаплъэныр лIащ, и гур зэгуэудри.

(Къагъырмэс Б.)

1. **Псалъэухар синтаксис и лъэныкъуэкIэ зэпкърыхын:**
Апхуэдэ жэуап пэплъатэкъым Къаплъэныр.

2. **Морфологие и лъэныкъуэкIэ псалъэр зэпкърыхын:** мэзым

Къаплъэн сэхъуа.

Мэзым щIэс хьэкIэкхъуэкIэ псори згуэрым щышынэу щытат къаплъэным. Щызымышыни еплъыт... Абы игу техуэртэкъым уеблэмэ зыщащIэкIи уимыдэIуэныр. ЖиIэр хабзэу есат. Арати, дэкъузауэ игъэсэурт хьэкIэкхъуэкIэхэр.

Апхуэдэурэ илъэсхэр кIуэри, къаплъэныр жьы хъуащ. Дыгъэм пэщыдэу щыта и щыр укъуэят, дзэуи къыIунэжсар машIэт, и лъэдийхэми япэрей къарур яхэлъыжкъым, абы къыхэкIыущи иджы ар щакIуэ щыкIуэр зэзэмызэххэт. Абы „щакIуэкIэ" уеджэну емыкIут. Мо Къаплъэнышхуэр, дзыгъуэ-сыт хуэдэхэм фIэкI, нэхъ пIащIэ цэрхэм пэлъэщыжыртэкъым. Арати, иджы ар нэхъыбэм къыр лъапэм деж щылъыт, жьы хъуа и Iэпкълъэпкъыр дыгъэ щригъэууэ.

1) Апхъуэдэ жьэуап пэмыхьэтэкъым Къэпльэныр.

2) Мэзым – цыплэшвэ, зэдай, закъуэ бжыгъэ, Эрг. п., обст. пс. хоувэ

5

# Изложенэ.

## Къаплъэн сэхъуа.

Мэзым щIэс хьэкIэкхъуэкIэхэр къаплъэным щышынэу щытащ. Ущымышыни еплъыт... ИкIи абы щфIэфIтэкъым жиIэм уемыдаIуэу.

Апхуэдэурэ илъэсхэр кIуащ, езыри жьы хъуащ. Япэм хуэдэу и лъэдийхэр къаруужскъым, дзэди маIуэщ Iутыжкъым.

Зэгуэрым, зи къару илъыгъуэ Дыгъужьыр щIакIуэ щыкIуэм елъагъу къаплъэным, япэм хуэдэу унафэ хуищIу жриIащ: „Си Iыхьэр къыздэхь ухэплъыхьурэ"!

– Арат узыхуейр? Згъэпщылащ зы Iыхьэ къыпхуэсхьым!

А псалъэхэр хуэмышэчу, Къаплъэныр лащ, и гур зэгуэудри.

5/5